# QARAQALPAQ TILINDEGI “DOS” LEKSEMASÍNÍŃ MORFOLOGIYALÍQ QURAMÍ

**Asanova Dilfuza Nazarbay qızı**
*ÓzRIAQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler*
*ilim-izertlew institutı tayanısh doktorantı*
dilim.nazarbaevna@gmail.com

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.18902787**

***Аннотация:*** *В статье анализируется морфологическая структура лексемы «dos» в каракалпакском языке. Лексема рассматривается как имя существительное, выражающее социальные и культурные отношения между людьми. В работе описываются категории числа, принадлежности и падежа, а также словообразовательные возможности данной единицы.*
***Ключевые слова:*** *лексема, морфология, имя существительное, категория числа, категория принадлежности, падеж, словообразование.*
***Abstract:*** *This article analyzes the morphological structure of the lexeme “dos” in the Karakalpak language. The lexeme is examined as a noun that reflects social and cultural relationships. The study describes the categories of number, possession, and case, as well as the word-formation potential of the lexeme*
***Keywords:*** *lexeme, morphology, noun categories, number, possession, case, word formation.*

Til – jámiyettiń mádeniy, sociallıq hám tariyxıy rawajlanıwın ózinde sáwlelendiriwshi quramalı qubılıs. Hárbir til birligi, tiykarınan, leksemalar sol xalıqtıń kózqarası, qádiriyatları hám mentalitetin bayanlap beredi. Sol tárepten qaraǵanda “dos” lekseması insanıy múnásibetlerdi bayanlawshı eń áyyemgi hám mánilik tárepten kóp túrlilik qásiyetke iye birliklerden esaplanadı. Dos túsinigi hár qıylı mádeniyat hám tillerde derlik universal xarakterge iye bolıp, onıń semantikalıq mazmunı, bahalawshı komponentleri hám qollanılıw ózgesheligi milliy-mádeniy qásiyetlerge iye.

Dos – insannıń sociallıq sistemasınıń oraylıq elementlerinen biri bolıp, kóplegen tillerde óz aldına leksikalıq birlik yamasa atama arqalı bayanlanadı. Bul keksemalar tek ǵana tildiń leksikalıq sistemasınan orın aladı. Sonday-aq, sol tildiń mádeniyatın, qádiriyatların, social-psixologiyalıq xarakterin sáwlelendirip beredi.

**Dos** parsı tilinen – (*dust “joldas, jaqın, yar, súyikli”*) *sırlas adam, jaqın, joldas, yar* [(Paxratdinov Q., Ótemisov A. 2027:13)]. Ózbek tilinde – *do'st*, qazaq tilinde – *dos*, qırǵız – *dos*, uyǵır tilinde – *dõst* bolıp qollanıladı.

*“Dos”* lekseması túrkiy tillerde atlıq sóz shaqabına tiyisli bolıp, insan, sociallıq múnásibet hám etikalıq qádiriyatlardı bildiriwshi abstrakt-konkret atama bolıp esaplanadı. Mánilik tárepten insanlar arasındaǵı jaqınlıq, isenim hám sadıqlıq

túsiniklerin ózinde sáwlelendirip kelse, morfologiyalıq tárepten atawısh sóz shaqabına tán bolǵan barlıq morfologiyalıq kategoriyalardı ózine qabıllaytuǵın birlik.

Morfologiyanıń úyreniw obyektleriniń tiykarǵısı – sóz hám sóz formaları. Sóz leksikalıq hám grammatikalıq mánilerdiń birliginen turadı. Sonlıqtan, sóz grammatikalıq qurılısqa ótiwi arqalı óziniń dáslepki leksikalıq mánisiniń ústine qosımsha grammatikalıq mánilerdi qosıp aladı. Bunday grammatikalıq mániler sóz formaları arqalı bildiriledi. Mısalı: doslarımdı sózinde  tórt forma bar: *dos-lar-ım-dı*. Bunıń túbiri – *dos*. Qalǵanları: *-lar* – kóplik forma, *-ım* – tartım, *-dı* – seplik forma qosımsha grammatikalıq mánilerdi bildiredi. Olardıń hárqaysısı sózlerge qosılıw arqalı belgili grammatikalıq mánini payda etedi. Sonlıqtan, grammatikalıq forma menen mániniń birligi bir pútin grammatikalıq kategoriyalardı dúzedi [(A.Dáwletov, M.Dáwletov, M.Qudaybergenov. 2010:88)].

Grammatikalıq kategoriyalar keń mánide morfologiyalıq hám sintaksislik bolıp bólinedi. Morfologiyadaǵı eń úlken grammatikalıq kategoriya – sóz shaqapları. Hárbir sóz shaqabınıń óz ishinde grammatikalıq kategoriyaları boladı. Atlıq sóz shaqabınıń ózi kóplik, tartım, seplik, betlik kategoriyalarına iye. *Dos* lekseması atlıq sóz shaqabına tiyisli bolıp, jaqarıdaǵı aytılǵan kategoriyalardıń barlıǵına iye.

**San kategoriyası.** Atlıq sóz óziniń mánisi hám forması jaǵınan birlik hám kóplik mánilerdi bildiredi. San kategoriyasına qatnaslı atlıqlardıń eki forması bar: -lar/-ler affiksi – kóplik forması hám oǵan qarama-qarsı qoyılatuǵın nol kórsetkishli, yaǵnıy affikssiz qollanıwı onıń birlik forması.

| **Birlik** | **Kóplik** |
|---|---|
| Dos | Dos-lar |

*“Dos”* lekseması san kategoriyasınıń birlik hám kóplik túrine iye. Birlik formasında: *dos,* kóplik formasında: *doslar*. Kóplik formasınıń *-lar* qosımtası abstrakt hám ayırım konkret atlıqlarǵa qosılıp húrmet, ulıwmalastırıwshı hám sociallıq topar mánisin de bildirip keledi. Mısalı: *Apa, úyge doslarım kiyatır eken*. Bul jerde bir adam názerde tutılsa da húrmet mánisinde *-lar* qosımtası qosıladı.

**Tartım kategoriyası.** Atlıq sózler úsh bette tartımlanıp, zattıń belgili bir betke zatqa tiyisliligin bildirip keletuǵın kategoriya tartım kategoriyası dep ataladı.

Tartımlanǵan atlıqlar zattıń qaysı betke tiyisliligin hám onıń qaysı sanda ekenligin bildiredi. Qaraqalpaq tilindegi tartım kategoriyası bir waqıttıń ózinde grammatikalıq bet hám grammatikalıq sandı ańlatadı.

*“Dos”* lekseması tartım kategoriyasınıń barlıq affikslerin qabıl etedi. Tartım affikslerin qabıl etken waqıtta *“dos”* leksemasına shártli túrde **t** háribiniń qosılıp ketiwi bul leksemanıń etimologiyasına barıp taqaladı.

| Beti | Birlik | Kóplik |
|---|---|---|
| I. | Dos-t-ım | Dos-t-ımız |
| II. | Dos-t-ıń | Dos-t-ıńız |
| III. | Dos-t-ı | Dos-ları |

Dos lekseması túbir leksema bolıp, bunnan arı qaray morfemaǵa bólinbeytuǵın birlik. Túbiri – dos, qosımtalarsız da máni ańlatıw qábiletine iye. Bul onıń eski túrkiy qatlamǵa tán leksikalıq birlik ekenliginen dárek beredi. Yaǵnıy parsı-tájik tilleri arqalı *“dost”* forması kirip kelip, keyin ala qaraqalpaq tiliniń nızamları menen **“t”** háribi túsip házirgi kúnde *“dos”* forması qollanıladı.

**Seplik kategoriyası.** Seplik kategoriyası atlıqtıń yamasa atlıqlasqan sózdiń, sóz dizbegi yáki gáptiń quramında basqa sózler menen qarım-qatnasın, baylanısın bildiredi. Atlıqtıń seplik affiksleri menen túrlenip keliwi sepleniw delinedi.

Házirgi qaraqalpaq tilinde altı seplik bar bolıp, olar: ataw, iyelik, barıs, tabıs, shıǵıs, orın. Seplik affiksleri kóplik hám tartım affikslerinen keyin jalǵanadı.

| Seplikler | Forması |
|---|---|
| Ataw | Dos |
| Iyelik | Dos-tıń |
| Barıs | Dos-qa |
| Tabıs | Dos-tı |
| Shıǵıs | Dos-tan |
| Orın | Dos-ta |

Seplik affiksleri dos obrazınıń háreket subyekti yamasa obyekti sıpatındaǵı funkciyasın belgileydi.

Dos lekseması sóz jasawshı affiksler járdeminde tómendegidey jańa leksemalardı da payda etedi:

A) Atlıq+atlıq: *-lıq/lik* qosımtası atawısh sózlerge qosılıp tamır-tanıslıq, tuwısqanlıq, jaqınlıqqa baylanıslı máni ańlatadı: qudalıq, doslıq, qońsılıq [(М. Дәўлетов, Е. Дәўенов, А. Бекбергенов. 1994:29)].

**Doslıq (at)** – 1. Kelisimli, awızbirshilikli dos bolıwshılıq, jaqınlıq, joldas, tatıwlıq, miyirmanlıqta bolıw. Doslıq tozbas, Kewil qartaymas (qq.x.n.m.). 2. Xalıqlar aralıq tatıwlıq, urıs ashpaw múnásibetlerin dúziw. Ǵárezsiz Mámleketler Doslıq Awqamı. Doslıq penen hárbir iske taq tursań, Jan ayamay el-jurt ushın is qılsań (Berdaq) [(Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. 2023:184)];

B) Atlıq+atlıq: *-aq* affiksli forma grammatikalıq miynetlerde berilmegen. Biraq, qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde dos atamasınıń *“dosaq”* forması folkorlıq dóretpelerde jiyi qollanılatuǵını haqqında maǵlıwmat berilgen. **Dosaq (at)** – *dos,*

*joldas*. Jetpesligin qolı endi, Ábden sezdi talay dosaq (K.Raxmanov) [(Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. 2023:184)];

C) Atlıq+feyil: doslasıw – bul jerde -*las* hám -*ıw* affiksleri qabatlasıp qollanılıp atlıqtan feyil jasap tur. Qaraqalpaq tilinde feyil sóz shaqabı ǵana affikslerdi qabatlastırıp qollanıp ta dórendi sózler jasaw ózgesheligine iye. . **Doslasıw** – doslıq múnásibetler menen baylanıslı, óz ara jaqınlasıw, tatıwlasıw, birigiw, qatnas jasaw. Kishi júzdiń xalqı menen úyirkelesip-shúyirkelesip doslasıp ketti... (T.Qayıpbergenov) [(Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. 2023:184)].

*"Dos"* lekseması qaraqalpaq tilinde *dos-dushpan, dos-yar, dos-yaran* jup sóz túrinde de antonimlik hám sinonimlik qatarlardı dúzip keledi.

**Dosh-dushpan** at. jup.s. Doslar hám dushpanlar. Kim jılasıp qosılsa, *dos-dushpanın* tanımas (qq.x.n.m.).

**Dos-yar** at. q. dos-yaran. Tuwısqan-tuwǵandı bawrıńa tartıp, *Dos-yar*, biradarǵa isenim artıp (Aqsholpan Amaniyaz).

**Dos-yaran** at. Dos, tatıw, jora-joldas, qurbı-qurdas. Maqtumqulı shayır edi, *Dos-yaranı* maqtar edi (Berdaq).

Juwmaqlap aytqanda, *"dos"* leksemasınıń túbir birlik sıpatında morfemalıq jaqtan onnan arı qaray morfemalarǵa bólinbewi onıń áyyemgi leksikalıq qatlamǵa tiyisli ekenligin tastıyıqlaydı. Sonıń menen birge, ol san, tartım hám seplik kategoriyaların tolıq qabıl etiwi arqalı sóylewde túrli sintaksislik wazıypalardı atqaradı. Ásirese, seplik affiksleriniń aktiv qollanılıwı dos túsiniginiń jeke hám subyektivlik xarakterin grammatikalıq dárejede bildiriwge xızmet etedi. Sóz jasaw procesinde *"dos"* lekseması -*lıq*, -*aq*, -*las*, -*ıw* sıyaqlı affiksler járdeminde jańa atama hám sıpatlardı payda etip, doslıq koncepti tek predmet emes, al qatnas hám jaǵday sıpatında qáliplesiwin támiyinleydi. Bul bolsa *"dos"* túsiniginiń til sistemasında dinamikalıq hám kóp qırlı lingvistikalıq birlik ekenligin kórsetedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Dáwletov A., Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili. Morfemika. Morfonologiya. Sóz jasalıw. Morfologiya. – Nókis: "Bilim", 2010.
2. Дәўлетов М., Дәўенов Е., Бекбергенов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. – Нөкис: "Билим". 1994.
3. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. – Нөкис: "Қарақалпақстан", 2023.
4. Пахратдинов Қ., Өтемисов А. Қарақалпақ тилиндеги шығысы парсыша сөзлер. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2017.